

Pembantoe sareng agent:
 Priangan kocion Bestuur Pasoendan Bogor.
 di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititik di Soekapoean dikukerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agent:
 Priangan wetan Bestuur Pasoenda Tjiamis.
 Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

| | | | | |
|--|--|---|---|--|
| LANGGANAN. 3 sasih f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen. | Redactie: Heerenstraat 31. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja. | Redakteur: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA *Redakteur di Batawi SOERADIRADJA. | Directie Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja | Pangas ADVERTENTIE: 1/16 katja f 2,50 } 1/22 " f 1,50 } Sakali moeat Langganan langkoeng mirah. |
|--|--|---|---|--|

Wartos ti H. B. Pasoendan.

a. Djoer. O. Soebrata, voorzitter H. B. Pasoendan, moendot soepaja Tjabang Tjabang Pasoendan ngabarempagkeun hal Sipatahoenan didamel official organ Pasoendan Pasoendan; Somah Moerba, voostel, H. B. soepaja oel-h dikaloearkeun deui.

H. B. bade ichtiar soepaja ledon tiasa pertjoemah kengingna Sip, saupertos M. kitoe oge pikeun ledon anoe satia majarna kontribusi ka Tjabang, lantaran ka S. M. kanjahoan rea noe teu pati satia.

Pamendakna sareng manahna Tjabang Tjabang kedah ditandak (sja) dina kempelan 16/11 April di Tasikmalaja tea.

b. Djoer. Soeradiradja bade biantara tina hal .

Djoer. O. Soebrata tina Provinciale Raad, Regent-champaad sareng desasaaengelegenheden.

c. Leden Pasoendan noe djadi Geocomiteerden v/1 R. R. dina vergadering 19/11 April di Tasik kitoe deui sapes lid dibeberana soemping kana eta kempelan, pikeun ngarobokeun hal kapalaj atanapi ka teu rasaan tina hal ngadamel ngagrooting R. R.

d. H. B. Pasoendan hajang terang, koemaha pamendakna sareng aengenganna Tjabang Tjabang Pasoendan tina hal hockoem pati (doelstra).

VERSLAG.

hal karoesehan di Menes djeung Laboan dina malam Saptoe tg. ka 13 November 1926. (samemeh meunang pertjoengann militier djeung poelisi ti Serang).

NOOT.

Onggal serat kabar, boh serat kabar Walanda, Malajoe, atanapi Soenda, srik teu pinuh bae koe wartos-wartos boeroe-haru di Banten. Namoeung sakitoe seueurna teh tjarios, sadajana woengkoel nerangkeun kadjudian-kadjudian sadongkapna pertjoengann ti Serang sareng Batawi bae, njaeta militier sareng poelisi. Ari kadjudian dina malam Saptoeana pisan mah kaloele-leele, padahal tjek emoean nja wengian eta pangpentingna teh, tina teu atjan aja bantoesan tea.

Eukeur mah hate rada panasaran hajang terang kasjau wengi eta ieu bet kenging katerangan anoe sakieun oetamina, atoe asa mobok manggih gorowong.

Kieu eta dina verslag:
 Malam Saptoe ti. ka 13 November 1926 kaola Bepati Pandeglang meunang telepon kira djam 1 tengah peuting ti mandor telepon Menes jen di kawadanan Menes aja rboet, sarta kadenge sora bedil djeung pestol; tjelah di Laboan oge kadenge sora sendjata api.

Barang kaola menta samboengan ka Wadana Menes. pokna mandor telepon teu bisa, lantaran kawat teleponna geus aja noe megatkeun, nja kitoe deui kawat Menes-Laboan. Hal ieu kaola gantjang lapor ka Kandjeung Toean Resident di Serang djeung kaola mere terang ka Ondercommissaris Toean Martens. Sanggeus kitoe toeloer kaola mangkat dina auto bareng djeung Djr. Patih Pandeglang sarta agent politie Achmad. Ari Commissaris Toean Martens bareng Mantri Politie Sastrawigoeana djeung 7 agent Veldpolitie barangkatna ti heula, dina motor.

Sadatangna ka Tjiandjoer kaola mawa Ass. Wadana Tjiandjoer. Di

Sodong kaola pampang djeung On dercommissaris Martens. Di dinja Toean Ondercommissaris ngabeberjaan, jen ueroetkeun laporan Hoofdagert Veldpolitie Bieckert deukeut djamlatan Tjisata, kira-kira 2 pal ti Menes, kaom paroesoh geus masangkeun kai gede, ngabalangan djalan, datangka motorfietsna tigoeling, lantaran ngadoepak kai tea, Hoofdagert tea oge ngabalangan, jen di tempat noe deukeut ka dinja, rea paroesoh, sarta ngadilana ti pasir kenta-katoehoeun djalan ka Hoofdagert djeung 2 agent Veldpolitie anoe miloe ka manehna, datangka kapaksa maranehanana-loempat deui ka Sodong.

Ti dinja kaola leumpang badarat nepi ka sasak Tjisata reudieung Ondercommissaris, Djr. Patih, Mantri politie sarta agent-agentna.

Di eta djambatan bener kapanggih panghalang tangkal kai djeung motorfiets Hoofdagert Veldpolitie noe geus tibalik, tapi di dinja geus teu aja paroesoehna mah.

Ti dinja kaola sarerea naek auto djeung 2 motorfiets ka Menes doea politieagent teunggoe motorfiets noe roeksak tea.

Di sapandjang djalan sepi pisan teu katingal aja djelema.

Kira wantji poekoe 3 kaola datang ka pakarangan kawadanan Menes. Di dinja teu katingal aja djelema, ngan manggihan 1 awewe, kaponakan Nji Raden Wedana, ngaran Nji Edoh, djejeritan ujauda kawa tihang, badanna taloberan koe getih djeung raheutna roepana oerot dibedil djeung ditatjok (dikadek) Ari Djr. Wadana Menes kapendak geus maot di hareupeun panto kantorna; sakoedjoer salirana piueh koe getih djeung koe raheut noe katjida reana.

Di djero psud po kawadanan kaola meudak djelema, deukeut pager hek (sarigsig), mana boreng Agent Madjoedju, geus maot, lantaran dibatjok. Djeung di dinja aja hidji laki, boedjang kawadanan, tatoe, tapi masih hiroep. Di pandopo tea kaola sarerea ningal getih anoe oetjrat-atjret kana panto-panto djeung djan dela-djandela, sarta barang-barang parobot imah rea noe roeksak.

Kaola teroes asoep ka djero kawadanan neangan istrina Wedana Njai Raden Siti Aminah djeung hidji soetra kaponakanana noe masih leutik, karana tjek Nji Edoh, Njai Radan Wadana teh aja keneh, teu maot, lantaran uisa ngalolus ka loear djeung boedak leutik tea; tapi diteangan dina eta waktos teu bisa kapanggih.

Geus kitoe kaola leumpang ka kantor telepon sarta enja kawat-kawat telepon teh geus diparegakeun.

Ti dinja kaola, Djr. Patih, Ondercommissaris djeung Mantri Politie sarta agent-agentna ngaberoe ka Katjama, tau; di dinja teu aja djelema, ngan aja saoeang noe geus maot, njanda di sisi panto hareup, awakna baloboran koe getih. Barang dipariksa eta djelema teh, Agent Politie Jaman, panto-panto hareup djeung ketjana roroekak. Toeloer kaola djeung batoer-batoer tadi asoep ka djero imah mariksa kamar-kamar, tapi Assistent Wadana djeung todjona teu aja.

Ti dinja kaola sarerea ngabroek ka tempat sedjeu. Di djalan antara imahua Onder-Collecteur pansioen djeung Opzichter Irrigatie manggih majit hidji laki ngagoler di laueh, awakna baloboran koe getih. Barang dipariksa koe Mantri Veldpolitie Sastrawigoeana, kanjahoan, jen eta majitna Moein, epion poelisi. Di boemi Patih pansioen djeung Onder-Collecteur pansioen teu aja kadjudian naon-

naon. Toeloer kaola sarerea mariksa imahna Opzichter irigatie; tapi samemeh asoep aja djelema nangtoeng di pakarangan Opzichter, sarta omongna: „Di dieu salamet“. Di kawadanan pansioen teu aja kadjudian naon naon, djeung werkbaas Dumais oge kapanggih di imahna. sarta tjaritana „Abis semboengi dari oetan.“ Ari imahua teu aja karoeksakanana.

Sanggeus kitoe kaola balik deui ka kawadanan; Njai Raden Wadana kasampak aja, kakara kaloeer tina panjoempotanana, koe kengingna kawadanan, kitoe deui poetra kaponakanana ± 5 taon, oemoerna anoe disoempad iroengna tea. Ti dinja kaola ughagi atoean:

a. Djoeragan Patih djeung agent Veldpolitie naek motorfiets ka Batoehantar, pikeun ngandjoekkeun make teledjan ka K. Toean Resident hal kadjudian di Menes.

b. Assistent Wedana Tjiandjoer djeung 2 agent Veldpolitie djeung Hoofdagert Bieckert ditempatkeun di Menes, ngadjar.

c. Kaola, Ondercommissaris, Mantri Veldpolitie Sastrawigoeana djeung Agent Politie Achmad bioer kana auto moro ka Laboan njukot djalan liwat Tjeuing sabab hajang tjang kasjaan Assistent Wedana Tjeuing. Datang ka Tjeuing kira 2 poekoe 4 soeboeh; di djalan teu manggih djelema saoeang, Sadatangna, di djalan gede hareupeun katjamatan, manggih Agent Politie ka 1 „Salman“ geus maot nangkarak bengkaeng. Gantjangan kaola asoep ka djero katjamatan, ngan njampak Nji Assistent Wedana na bae, sarta mere katerangan, jen salakina mah ngeli (nijukoer) dibawa koe Assistent Wadana Garoegol anoe keur verlof tjitjing di mertoeana, nja eta Assistent Wadana Tjeuing. Ieu Assistent Wadana pamendteuna tatoe, dibedil peudjahal.

Samemehna kadjudian, kira djam 1.30 eta Ass. Wad. aja noe ngagoeahkeun, aja noe menta soerat idu motong moending, sabab aja moending keuna tjilaka. Barang keur djongdjon njieun soerat di kantorna oedjoedjoeg aja noe ngabedil bae. Kaola sarerea bisa nangenan di kantor Ass. Wad. rea getih oetjrat-atjret.

Ti dinja kaola teroes moeroe ka Laboan tea. Lebah sasak beusi Tj-sanggoma kaola euren, sabab di dinja ningal la uto, tpi kosong teu aja djelemana. Ari dilikan eta auto teh bet gadoehna Wadana Tjaringin; koe kaola digeroan soegau bae di kadeukeutan aja adjelema, tapi teu aja; ti dinja teroes noedjoe ka Laboan deui.

Sadatangna ka katjamatan Laboan kaola neudjo dapoer imah Ass. Wed. geus aja uce rpatongkar. Kaola asoep ka djero imah; di lebah pandopo manggih djelema keur ngedeng, teroes di sina hoedang, ari ngaranna ngakoe Kumbaj boedjangna Ass. Wadana. Di tanja koe kaola kamana Ass. Wad. djeung garwa poetrana, ari djawabna, dibatoeon koe sababaraha poeloeh djelema, doeka kamana loena.

Kasjaan di katjamatan teu aja karoeksakan noe sedjen-sedjen.

Sadajana mariksa katjamatan Laboan, toeloer kaola barangkat noedjoe ka kawadanan. Meneran palebah pisan kebon Wadana pansioen Laboan Mas Hadji Dostawihardja, aja noe gegeraan: „Toeloeng, toeloeng“ Toeloer disampeurkeun sarta kapendak Mantri Politie Laboan, Agoes Mochamad Asia, njompoet di handapeun tangkal tjaoe, raheut dina beutaungna nerot dibedil, nepi ka teu bisa hoe-

dang hoedang atjan. Toeloer dibawa koe auto ka imah Wadana pansioen tea. Sanggeus kitoe kaola sarerea indit ka kawadanan Laboan. sarta Mantri Politie tea dibawa, soepaja bisa droeharap koe Doktor anoe rek di datangkeun ka Laboan. Harita masih poek keneh, antara poekoe 5 djeung poekoe 6. Di djalan djeung lebah pasar sepi, teu aja djalma. Di kawadanan Laboan kaola neudjo pakakas imah tanggana laloer di roeksak paroesoh, sarta poetra garwana teu aja didinja. Teroes kaola asoep ka djero kawadanan tea. Barang kaola ningal ka gigir imah sabelah tiakang bet aja doea djelema keur matja boekoe, dioek dina korsi njanghareupan lampoe tembok. Barang maranehanana neudjo aja Ondercommissaris, berbet bae laloempat. Harita keneh oge dinegad, eta doea djelema tea, tapi moesna, loempat ka noe poek!

Ti dinja kaola leumpang deui ka hareupeun kawadanan, sarta teu koengsi lila dingal dina pakarangan Tjong Hoa, ngaran Tek Djoan, kira kira 250 djelema. Barang ditanja koe kaola: „Saha eta?“, sakabehana laloempatan katoekangeun imah, ngaloentjatan pager tembok, teroes kalaboer arasoep ka leuweung sabelah kidoel kumpoeng Tjina.

Dina waktos eta kaola henteu ngalepas semapan ka eta djelema-djelema, sabab maranehanana keur waktos ditanja, henteu ngabedil ka kaola, ngan tjir bae laloempatan.

Henteu sabaraha lila antarana, datang ti djalan station kira-kira 150 djelema noedjoe ka kawadanan. Kaola sarerea tetep bae narangtoeng di hareupeun kawadanan. lebah goenggoeroeng. Barang eta djelema anoe saratoes lima poeloeh tea njampeurkeun ka kaola kira-kira angganna 70 M, ditanja koe kaola: „Saha eta?“ Kadjudianana lain ngadjawab anggoer ngabedil ka kaola. Waktos eta oge koe kaola dibedil deui, sarta eta djelema tea sakabehna laloempatan ka djalan station, sarta teroes arasoep ka leuweung sabelah kidoel djalan kareta api. Toeloer kaola moeroe ka station; ari ditempat djelema djelema noe dibedil tea kaola manggih sababaraha lampoe batterij. Sadatangna ka station Laboan, kaola ngirim telegram ka K. T. Resident Bantam, oedjoek oeninga kareta anoe kahidji teu djalan. Ka doea kalina kaola nelegram deui njoehoenkeun serdadoe pikeun perdjagaan di Laboan djeung di Menes.

Ti dinja kaola balik deui ka kawadanan djeung teroes leumpang ka pakarangan Tek Djoan, njidikeun oerot djelema noe 250 tadi, di dinja manggih 1 bedil Central moelot doea, anoe masih dieusi 2 patrom, tapi medje (keta), pirang-pirang golek djeung toembak awi noe tinggaleun.

Kira-kira djam 6 isoek djebeul Wadana Tjaringin ti pipir Patjinan sabelah kidoel, mentas ujoempoe. Koe kaola diadjak ngaron dasapan-djang djalan teroesan ka Karobohong, sarta eta Wadana ngindjeun bedil ti hidji Tjina, sabab waktos eta teu boga pakarang naon-naon.

Demi auto kaola ditinggalkeun di djalan gede hareupeun kawadanan. Kaola leumpang ngaliwat kampoeng Karobohong, Rantjateureup, teroes ka desa Margasana. Di tengah djalan papapag djeung 10 a 20 djelema, tapi barang neudjo kaola, sakabehana laloempatan ka kampoeng, teroes arasoep ka leuweung teu tembong deui. Sadatangna ka imah djaroe (loerah) desa Margasana, ngaran Soekija, toeloer koe kaola di saer eta djaroe.

Manehna njerita ka kaola, jen dina malam eta tea, imahna geus diasoeapan koe koerang leuwih 20 djelema; oentoeng eta djaroe teu kapanggih koe moesoeh, karana eta waktos manehna kabeneran teu aja di imahna, noedjoe kilir ka pamadjikan noe ngora, tjatjakan oepama kapendak, tangtote manehna dibinasa.

Ti dinja kaola, Toean Ondercommissaris Martens, Wadana Tjaringin, Mantri Politie djeung Agent Achmad balik deui ka Laboan. Di djalan djaroe Soekija tjajarita, jen aja djelema ngabedjaja ka manehna, di imah Hadji Moekri kampoeng Karobohong, aja oerang kampoeng Kadoeparai desa Margasana, geus kareedil, doeka koe kaola, doeka koe Toean Ondercommissaris Martens. Gantjangan disoesoel koe kaola. Sadatangna ka imah H. Moekri, kaola ningal kira kira 20 djelema, dariok di tepas imah H. Moekri, sarta, barang maranehanana neudjo ka kaola sarerea datang maranehanana kabahan pada laloempat asoep ka djero imah. Ngan aja saoeang noe tinggaleun ngagoler di tepas imah; barang dipariksa ngakoe moeriang panas, tapi katangan lebah poendoekeun roepa-roepana oerot kapedil. Geus kitoe kaola njaloekkan tanggana H. Moekri, hidji hadji, sina moekakeun panto imah H. Moekri tea, sarta kaola teroes asoep ngagaladah eta imah tea. Di toekangeun panto denkeut lamari manggih djelema njool keur njompoet; barang dititah kaloeer djeung ditanja, ngakoe ngaran Hadji Sanoedin oerang kampoeng Tjireundeun desa Banjoebiroe onJerdistik Tjeuing. Barang awakna digaladah, kapendak ti djero saboekeun sababaraha poeloeh patrom pestol; eta hadji teroes pasrah diri. Kaola ngomong: „Lamoen enja pasrah menta ampoen, tjoba tjaloekkan batoer-batoer maneh noe njaroempoe di djero imah ieu!“ Toeloer manehna.

Ti pipir hawoe.

Hockoem gantoeng.

Waktos ieu rame teu kira-kira noe ujaritakeun hockoem pati, aja noe moefakat, aja noe henteu.

S. I. henteu moefakat, kana leungitna, noe salah nja gantoeng bae tjek agama oge.

Gelenjoe ge moefakat pisan, moen lain djelema sok aja salahna mah, malah djarian kasalahan, kapan ilaharna oge.

Malah resep oge, moen mamawa Quer'an satjirewelenah mah.

Noemaling mimiti teukteuk leungeun kenta. Maling kadoea kalina leungeun katjehoe. Maling pamadjikan batoer, diradjam di sina ngider-ngider kota, atawa dipanggang oratna sing nepi kana hoeloena. Noe sok ngagorengkeun Pasoendan bebekeun biwirna atawa keureut letahna.

Noe ngaborehan imah batoer, koedoe sina ngadikekan beusi beunang meuleum meureun!

Geura mangga djoeragan-djoeragan Toeh ari napsae mah. Koemaha moen make pangadilan geuning, tjarek kijai Allah eta laoean hampoera, djelema mah komo, koedoeua landoeng kandoengan laer aisan teh.

Koedoe mindingan risina, meung-peukan badeurna kapau. Koemaha ari ieu.

Kadal ngorosak, bae beledag maledog ti noe poek.

Singhoreng? Api-api kasalahan?

Gelenjoe.

(*)

(*)

gegeraan, pakna. Barpedak geura ka dieu toerobu? Sabot. H. Sanoedin ngomong kitoe, saorangan saorangan loeroep pating kolod, ti para imah H. Moekri. Antara opat djelema anoe toeroen tea, nja nos pating saorangan, leumpangna ingkoed-inkoedan, sabab saekona opati katoehoe keuna koe poler.

Demu djelema noe katangkep ti imah H. Moekri njetar:

1. H. Sanoedin, kampoeng Tjirendou (Tjening).
2. Djasin, desa Margasana, noe kabedil poenloekna tea.
3. Saliman, Margasana.
4. Arnasa, Bama.
5. Saliman, Margasana, noe kabedil poenloekna tea.
6. Kasan, Kadudampit.

Sanggeus kitoe kaola ngagaladah barang-barang, sarapaning anoe kapanggih ti imah H. Moekrite njaeta: pirang-pirang potong papakean, noe diake koe Wadana Tjaringin saperti portpoli Wadana enz., nja kitoe deui pirang-pirang golok (bedog), djeung obat bedil.

Sababana beres halgaladahan, Djasin dibawa koe opat djelema ka kawangunan, Ari nos lima deui koe kaola diiringkeun katoet barang-barang boekti.

Di kawadanan kabela sarera papingh djeung Toean Van den Broek djeung Toean Emmerik, Ambtenaar. TelefoonDienst, sarta njarita ka kaola, teu sopirna feuna de bedil poenloekna koe koeminiis di jalan antara Meneas djeung Labean.

Geus kitoe kaola ngangkat majitna Mas Mangoe diwiria, Mantri Rechercher Veldpolitie. Sarang djeung batoerna, Rechercher H. Entjeh, ti djeu solokan sisi gili (koebe) hareupeun pakarangan kawadanan.

Teu lila djol deui, aja noe datang digotong, oepa kantor kawadanan, Tjaringin djeung pamadikana, sabab aja noe ngahjak, waktos ngadaga pandopo kawadanan, doeanua taratoe.

Teu sabaraha ilana oemping Toean Assistent Resident, Pandeglang djeung Sarang djeung militer. Barang datang militer, teroes datang koeminiis ti lebah kampoeng Karobohong, roepana bae rek menta H. Sanoedin anoe geus ditangkep koe kaola tea.

Eta waktos teroes silih bedil koeminiis djeung militer. Teu lila koeminiis-koeminiis kabehana, laloempatan, dipantarna bisa djadi aja noe kabedil koe militer.

Poekoel 11 beurang kawat telepon kawadanan Anggeus doeanua djeung bisa dipake deui. Toean Ass. Resident Sarang lapor ka K. T. Resident tina hal Kadjadian di Labean, djeung kaola teroes telepon ka Djr. Patih Pandeglang di Meneas, soepaja Dokter noe keur ngoeroes djalma djalma noe keuna tjiaka di Meneas, oepama geus salae dipenta datang ka Labean pikeun mere pertolongan ka djalma-djalma anoe rerehebt teg sadatangna. Dokter Buissa djeung Dokter Cabell, toeloj djalma-djalma noe tateo djeung noe maot dipariksa djeung diteloeng.

Sanggeus salae kira-kira poekoel 4 soré, kaola djeung Toean Ass. Resident Pandeglang djeung Onderoemissaris wangsoel ka Pandeglang, pikeun oeroes-oeroes pagawean di kotte Pandeglang. Datang ka Meneas njimpang heula ka kawadanan ngabawugan Raden Atjeng Wadana Meneas ka Pandeglang sarta teroes diebarid tatoena di roemah sakit Pandeglang; ari katetapan koeminiis di kaboeptarna.

Sadajana boekti-boekti beubeunangan-beubeunangan kaola sarera nangkep di Labean, diparabkeun ka Mas Sastrowigoena Mantri Veldpolitie Pandeglang. Ari Djr. Patih tetep di Meneas ngoeroes perdjagaan di Meneas.

Tamat.

N. B.
Tah, sakitoe, oenggelna katerangan verbyg anoe katampi koe simkoering. Koe noe maras taugtoe kamanah, sabaraha kat berantjam diwana sadaja anoe ngalampokeun kawadanan-banana dina wangun, mimiti aja roeoth tea, di Labean sarang Meneas, samemeh kenging oenggelna mimiti, estoening mati matian, toer lain pisan, uit zelfbehoudi anoe mihak ditang kana saajana oge, estoena makoe ngadaga, abdi noe tea.

E. M. W. en sara toekomf.

S. M.

Handenarbeid.

(Samboengan).

Tjenah noeroetkeun inspektur-epiferentie, plonkoesun keur eta njokot, tina fonds keur. sabopolitiedjende, noe f 17.50, sabolaq, sabab ieu rek dileu-ngitkeun.

Tjek ingstah kwering ligaleungitkeun, schooldiende mah sarera bae djeung ngahoekoem baroedak H. I. S. djeung sakola li II, soemawonna ari sakola Walanda djeung A. C. S. mah teu keodo kapitjatoer deui, tjara noe, geus didadarkoen koe sababaraha aprekers.

Ajeuna sanadjan teu aja doeitna, oepama aja noegoedoekoen, diparentah koebe bae didjalankeun, ti mana meureun pimodaleunana teh. Nja maal oia, goerona pribadi anoe keodo kerorontjodan teh, sanadjan gadjuhna teu mahi, soerah koe hoetang, kapaksa da sieun koe doentongan oepama-mana, atawa panas koe babatoeran da pada ngingkilkan. Papanas-panas meuli wedak nja noe meuli sripenuwar, aja noe kaliderma, malah sapoe-tangan pantasi mani ngawer dina sakoe loeboer, keur ngaroboto ka djeuengana soepaja diseboet hade gawe, kadjeun kantong kosong, anak reang meuta barang dahar. Ari laiahar alam ajeuna alam panipoean, asal aloes diloeat, tara miroesa kana djeu-uanana mah. Njaeta atoech poegoeb ge bingoeug, ari teu kitoe atoech da boetoech, soesogeanan, soegan aja milik primosi. (J. Corr)

Djeung oepama aja kadjadian ier di handap deui, noe dipitisi teh. Hidji sakola aloes djidjeunana boh luhid bjh pangarih sarta menang poedjian baroedakna barisa. Kadenge koe sakola noe kadoea panas toeloj goerona laja njah baroedakna tapi bapa baroedak sina njarieun barang-barang akeukenana ka moerid-moerid. Ieu kaonjiga koe noe wadjib, atoech ger deui dipoe di. Sakola noe katiloe ngadenge deui kaajaanana panas deui mani ngentah, gantjauna toeloj ibti ari lain baroedak atawa bapa baroedak anoe dikomahana atawa diparentah teh, tapi patoekangan pisan anoe dihoeroehan.

[Paloe Voorzitter geus beledag deui bae ngereuueken, tapi koe lantaran seueur noe maroedoe, noelojkeun toengtoengna mah ieu noe njarieus teh nepi ka 12 menit lamina, anoe ngan digeret 3 menit teh].

Kitoe pibisaunana jalan ngabobodo djeung ngabohong teh; laper meureun pikeun anoe teu boga pikir kadega leutik mah, djongdjon bae kabobodona teh.

Tah ieu bisu kadjadian pantar kieu, noe koe koring katjida dipikapeorna teh, ari sakola pinoech koe karadjanan imah-imah hemoeragoeng bawandig koe eta bingoeug.

Tatapi anoe katiloe. Ajeuna masalah goerona. Ari noe ngadjar teh noeroet anoe keur dilampahkeun mah gperostna malbeloe, lain deksundige, awoe teu njaho dista oetwa, tjek paomongan bebudjon mah, njekelua peso oge ngan oekoer dina ngereutan koekoe. Djadi goeroe teh bareng bae diadjar djeung baroedak.

Noe ngadjaru teu bisa, noe diadjaru soemawonna, geura koemaha piboesheunana.

Entong entong diadjar koenoer pantar kitoe katimoena, tjatjakan beubeunanganana noe geus meunang pangdjarian, oge sarta moeridna geus saromedeng, oemorna, geus tara aja noe miroesa, teu aja noe mikaboetoeb.

Aja deui tadi noe njarieus madjarkeun teh lamoen teu diadjar gawe badag tangtoe engkana ngan hajung djadi dijroetoelis djeung mandor bae. Tapi koemaha lamoen kitoe geus lospoet, kieu laper mah, teu keodo aja noe ngageuing deui njokotna pagawean badag teh da kapaksa koe mangsa.

Geura mangga oepama koe oerang dimanah mah sagedena oge pangasilah toekang anjan-anjanan, moel leuwih ti keketiapan dina sapoe sapoe na teh, taja petuna tjoekeup keur imah-imah. Biasana oge kapan ieu teh pagawean akti akti bawak, atawa pagawean leleson nemeh sore, minangka eureuf tjape.

Ari panah oerang koedoe djadi fidifitikel land mah lain koe djalan kitoe, tapi koe dilobaan insinjoeur.

Tatapi noe knopot. Tangtos djoeragan-djoeragan sadajana aroeninga jek congres P. G. H. B. taon bengerk teh moetoekoen jen peil sakola li II koedoe diloehoeran, kelasna ditam-

bah Ari ajeuna kelama angger, waktonea direwong koe handenarbeid, atoech lain ngaloehoeran tapi ngahan-dapan. Djadi dina hiroep keamboehna teh meureun bangsa oerang beuki kalejek bae koe babatoerana.

Djeungna deui ari pikeun dipadesan mah handenarbeid teh teu pati sakomaha perloera, da di imahna oge sok mindeng meulet kolotna atawa dipapatahan, pikeun oerang dajeh tara barisa ngomean soko boboko, atawa nganjam sakan soteh, ari di lemboer mah, meuh oenggal hoeloe.

Di nagari Walanda oge, djoeragan-djoeragan bet teu diadjarkeun handenarbeid di sakola mah, biasa bae pangadjaran sakola, tararonggo djaroeronaan tara kagembang koe noe lian, teu tjara di oerang tjuei lehtaheun, ngan didjieuu pertjoeaan bae salalawana. Aja oge sakola ngawoengkoel pikeun patoekangan (ambacht-school), tara direndan rondon tjara di oerang sarta anoe perloe noe diadjarkeunana teh. Tjing atoech di oerang oge ieu bae noe ditoeeretan teh, doentongan oerang tea.

Sakitoe pondokna eta noe njarieus teh.

Deui indrukna noe njarieus (vergadering) mah, lain teu tjotjog atawa teu ngahargana kana handenarbeid, ngan sakomaha noe didjalankeun tjara ajeuna, koe saorangan oge teu dimoepakatan, sabab lain ngoentoejkeun ka baroedak tapi ngaroejkeun, Fin nambahan pangadjaran, tapi ngoerangan pangadjaran.

Tjek Malajoe tea mah, moedah-moedahan bae sakoe noe dikedalkeun dina eta pahadreg tes kadangoe sarta digoegoe koe noe djadi pamarentah, oelah diibarateun andjing ngagogoe.

Noe lalado.

Advertentie boboran Siam.

Oepami djoeragan-djoeragan ngintoenkeun kartjis djenengan sareng artos f 0,50 atanapi parangko pangaos f 0,50 djenengan djoeragan dilebetkeun kana Sip. tjontona :

R. Kd. SASTRAWIKARTA.
njeoheunkeun siah pangaksami kasadaja 1 Sawal 1345.

Ngintoenkeunana paling lat 20 sasih Siam, bilih teu kalebetkeun kana Sip. noe medal ping 1 Sawal.

Sedia tjoekeup lot-loterij boeat kirim reimbours pada antero tempat di Hindia-Olanda.

LOTERIJ OEWANG BESAR
Protestante Weeshuis, Semarang
Hoofdprijs f 150.000.—
Tariknja paling laat 1 Juni 1927
tambah

| | | |
|-----|----------|------|
| 11. | Porto | 0.35 |
| | Rembours | 0.75 |

Trekingslijst dikirim gratis.
Lekas pesen, nanti kehabisan atau harga naik.

Lampoe Electric sikel merk "WINCHESTER"
kloewaran dari fabrik snapan jang terkenal.

| | |
|--------------------------------|--------|
| No. 1. panjang 14 cm. complete | f 3.75 |
| " 2. " " " " " " " " | " 7.— |
| " 3. " " " " " " " " | " 8.— |
| " 4. " " " " " " " " | " 8.75 |
| " 5. " " " " " " " " | " 8.75 |
| " 6. " " " " " " " " | " 8.75 |

boeat disoe dan deket, merseka sampe 600 kati. Ieu modal hita djoerwal paling banjak Reserve battery ketil f 0,35 beuar f 0,40 per f 0,45 per bidil.

ANG SIOE TJING
Sloemprettan 4, Soerabaya
Mistalah prijaoerat dari kaartjie kaartjie nama jang komplek.

Tjinta bangsa . . . ?

Bahela tjinta bangsa ajeuna demokratis alias somah moerba, katjapangan bangsa oerang noe terpeladjar teh. Doeanana eta teh pada aloes, ngan ari pok teh sok beda djeung pekna.

Seperti eta ari tjinta bangsa, dimana dipakena koe oerang teh, asa

teu sabaraha; geura noe ngarango sapatos atawa selop, sakitoe bangsa oerang loba noe bisa njieun toer sarowa hadena djeung batoer, ari ngaraleuh teh ngan ti oerang asing bae; njakitoe deui toedoeng lolobana mah kaloeuran asing bae kapan noe dibareulian teh, padahal toedoeng boeatan Radjapolah Madjalaja koerang koemaha hadena, asa teu eleheleu teuing, angot moen ngingetkeun kana tjinta bangsa mah.

Di imah-imah radjeun ngango samak, samak Djepang, padahal samak boeatan Tjawi sakitoe empoeke-na ari dipake dioek teh.

Lamoen bangsa oerang bener tjinta bangsana, atoech sagalana oge koedoe dipikannya, naon noe sakadar patingtel djeung bangsa, njakitoe deui moen bangsa raresep make papakean atawa paparobotan beubeunangan bangsa oerang sorangan, leuh hade teman, meureun saperti oerang Madjalaja djeung Radjapolah, bisa meunang kahiroepan noe langgeng tina njieun topi, meureun lain hidji doea bae noe ditoeleogan teh ratoesan, aweue lalaki kolot boedak. Eta teh lain oerang dinja bae oerang mana-mana oge moen karadjanana atawa kabisana dipikaresep toer di-beulian mah, meureun sarera bae djeung ngamadjoekoeu karadjanan bangsa djeung noeloeng deuih, lantaran koe lakoena karadjanan dihidji hidji tempat, lain bae noe njarieun eta karadjanan noe miloe oentong teh, kabeh oge noe deukeut ka dinja mah miloe ngasaan, nimatna kapaoean boeboeatana.

Poegoehanan rek ngeunakeun tjinta kitoe teh enteng bangsa, kaentanganana kari daekna noe marikaresepna; kabangganana eta sok pakia kua djeung noe rek dipentana. Tjontona hidji djalma noe boga tjinta tjinta tjinta bangsa tea, ngahadeati kareta mesin, ka tjina nambal ban teh ngan saketi ari ka bangsa oerang f 0,15, koemaha ari kitoe, aja ingetan tjinta bangsa oge ari matak kerorontjodan mah kawasna rada arembogeun. Aja deui noe njarita madjarkeun teh, barangbeuli mah mending ti toko tjina ambih toemaninah teu asa-asa, da eta ari ti bangsa sorangan mah sok aja rada isin isin tjeneh.

Na enja eta teh kitoe? Moen enja naon sababna hajang teuing sababna bakat kitoe teh sing geura moena, ambih kamadjoean oerang rada oendak.

Bareto di Bandoeng taon 1919 aja bako djeunan bangsa oerang merekna "Pasoenda" roepana djeung rasana teu beda djeung bako dobbelman, tapi handjakal ajana teu langgeng, taja lian meureun eta teh lantaran teu dipikaresep koe oerang, tjatak rasana mah koerang koemaha toer langgeng teu sabaraha moen dibandingkeun djeung bako toko. Moen toeloj toemoeloej aja, nja bangsa oerang noe melak bako, nja noe njieuna meureun aja kaentoenganana.

Koe sabab eta karadjanan oerang mah beuki lila beuki meendoer, da oemung-ontong koe bangsa deungeun, anoe moel niat ngamadjoekoeu industrie oerang, naljan koe oerang sorangan oge dilomajankeun, kadjeun mahal da hajang dieboet gandang ngango pakean boeatan Eropa, teu oeninga eta teh sarera djeung neundeun peso dina beubeung.

Nadjan dihajoh hajoh sina madjoer karadjanan oerang, ngajakeun tentoonstelling naon naon, ari di arantep bae mah, asa hamo kana ngendjot, anggoer beuki lila beuki roekak, tingali bae hal ninoen, ajeuna mah geuning ngan oekoer antjal antjalian bae.

Na teu aja kitoe pakoempoelan para nonoman noe woengkoel mitjinta kana boeboeatan bangsa oerang koe djalan resepe ngango djeung ngadahar.

Handjakal moen teu aja teh. Na rek koe saba dipadjoekoeunana boeboeatan oerang teh moen teu rek koe oerang sorangan.

Sawah koerang tjaina.

Pondok-pondok oge varlagna R. R. Tasik, kadengena teh eta mah wakil ti district pakidoelan Tasik aja halon, angot eta mah noe moendoet di ajaan Irrigatie keur njiaan sawah-sawah. lah aja njari, estoe wadjib dirangkoel noe kitoe mah, lantaran nomer hidji noe koedoe dioeroeskeun teh eta hal

patanian, ambih abdi moekti genah nagara.

Tapi saenjana lain lebah Bandjar bae noe sawah-sawah koerang tjaina teh, di district-district sedjen oge teu koerang anoe sawahna teu kahodjangan 3 powe geus bareulah saperti di district Tjawi, lebah onderdistrict Radjapolah, loba noe sok djogo! parboet tjai, padahal moen dioeroeskeun koe Irrigatie mah teu euweuh tjaina mah, kari ngadilkeunana bae ti girangna, oelah tjara ajeuna ngan desa Gombong djeung Karangsamboeng bae noe loebak-libok teh.

Tjai Tjideres moe diadilkeun mah nja walatra bae meureun, moel tjara ajeuna abong-abong deukeut estoe meakeun batoer eta 2 desa teh.

Tingali bae moen toenggang karata api pi Tjawi nepi ka Radjapolah, sakitoe ngabaketrakna sawah-sawah teh. eta teh leuwih ti 1500 baco sabab lain sadesa bae tapi loba tjara D. Geresik D. Tjibak D. Tandjoeng Poera, D. Munggoengdjaja djeung sabagian D. Soekarja.

Estoe satoen sakali oerang dinja mah, pepelakanana teh, kitoe oge moen aja hoedjan lila, moen benteu aja mah sina ngahjar bae, dipake pang oelina njangkrik djeung manoeok apoeng.

Na oerang desa-desa noe sawahna saroea kitoe, nae ngahjar katangali tina sepoer, teu bogaeun wakil kitoe di R. R. ? asa pirakoe.

Moen aja, tjik atoech djoeragan, wakil oeroeskeun tjai keur njiaan sawah-sawah di onderdistrict Radjapolah oge, da sadajana age ari lagoe majar padjed mah teu meunang teu boga, kadjeun goedar-gedor ngadjoel hajam, da ari hasil tina tanahna mah sakitoe boektina, bora boro dipelekan dititjak oge mani paer sisan laboeh, da bareulah lain meumeueusan.

Saenjana mah rada dikoepeing-koepeingkeun wakil ti district Tjawi teh soegan bae dongkap kana lebah dinja tjara batoer doemeh saban angkat ka Tasik katingali kaajaan sawah sakitoe ngabeledagna.

Oelah lali engke mah djoeragan kedah disodorkoen di medan R. R. geus lami koering ngantosan sareng bisu baroedak djargo di sawah parboet tjai, hawatos atoech.

Diadjeng-adjeng pisan koe sadaja sareng timpah noehon samemezna.

Soesah Makaja.

Loemboeng desa.

Noeroetkeun verslag Volkscrediet-wezen taon 1925/1926 reana loemboeng-loemboeng desa teh beuki ngoerangan, lila-lila ngan kari noe pangaladena bae. Loemboeng-loemboeng noe laleutik, noe hiroepna oge, sok rea noe tergantoeng ti noe sedjen di euweuhkeun.

Koe loba desa noe dihidji-hidjikeun sering pisan loemboeng noe tempatna ajeuna djadi aja di kampoeng teu bisa sarera padegagna. Eta handjakal pisan.

Lobana pare beunang diseboetkeun teu aja robahna. Koe euweuhna loemboeng-loemboeng noe koerang kakoeatanana, kabentukaran hidji-hidji loemboeng ditigkat ratakoen ngaleuwihan saeutik (11 pikoe).

Dihargakeun kana doeit, pangadjinapare teh nambahan f 347,000 atawa f 132.— dina saieombosagna.

Koe ngoerangan reana loemboeng, pare noe diindjeumkeun oge ngoerangan ti taon toekang 57,000 pikoe, sarta noe ngindjeumna oge ngoerangan 62,000 djalma. Tapi lamoen di gitik rata dina hidji loemboeng teh katintjak leuwih rea ngindjeumkeunana (254 pikoe) batan taon toekang (250 pikoe), rata rata saorangan 1,42 pikoe taon ieu, djeung 1,39 pikoe taon toekang. Tjijtiren noe kaitreng hade.

Harga pare rata rata tina f 4,09 sapikoeuna taon djadi f 3,83.

Lobana pare noe didjoel leuwih 42,000 pikoe batan taon noe enggeus.

Koe lantaran rentenna indjeuman loemboeng-loemboeng ti afdeelingbank toeroen, sarta aja 411 loemboeng noe diuweuhkeun djeung koe lobana doeit noe diasoekeun ka kas desa, saperti noe geus kadjadian di sawatara karesidenan (Banjoemas oepamana f 50,000) djadi renteu noe katampa oge koe loemboeng-loemboeng teh ngoerangan, sakabehna f 17,500, rata-rata dina sapikoe f 0,07.

Koe toeroenna reuten noe geus kadjan-dian tea, djadi kaentoengan (kahaalan) loemboeng-loemboeng teh tangtoe maal nambahan.

Loja keneh pisan noe baris „ngaroekaak“ (aanslagen) kana kakajaan na eta loemboeng-loemboeng desa noe perloe pisan dihalangan (*)

Doeit pangabogana loemboeng teh noe dianggap koe sawatara djalma doeit leuleuwihan, tjenah koe kaha-jang mah koedoe dipake kana kaperloe-an desa, montong diterooskeun kana pihoeangan (crediet doeleinden). Beubi gede kakajaan loemboeng-tea, meureun tangtoe beuki hese bae pikeun teu noeroetkeun kana kaha-jang noe tadi tea. Mangka-mangka

teu katjoemponan kabajang (pangarep ngarep) teh eek matak djadi katloe-genahan. Engke oge tetela pisan dina njaritakeun bab bank desa.

Ongkos-ongkos di-kana-doeitkeun rata-rata dina sapikoel toeroen tina f 0,47 kana f 0,40, koe leungitna loemboeng noe teu bisa hiroep djeung koe „bezuiniging“. Djoemblahna ka-loeasan djaba „sf-chrijving“ wawa-ngoenan, reana f 529,800. Taoen '24 mah f 606,900.

Lamoen dipersenkeun (%) kana farga pare f 3,83 sapikoelna, ieu ongkos-ongkos teh katintjak djadi 10,4%. Ditambahan kae ongkos-ongkos koemisi djeung pangadji noe teu kudjoel (awoer - awoeran etc)

11,6% (taoen '24 11,4%) djadi meureun 22% (taoen taekang 22,9%). Di sawatara loemboeng gedena reuten perloe ditaekkeun.

(*) Noot.
Ari sasatoena teu aja atoeran „ngaroekaak atawa ngagasab, ari sababua loemboeng-loemboeng teh pangaboga atawa milikna desa.

Lain „aanslagen“ piketjapeunana, lantaran eta mah pepentaaan noe boka hak, di dieu boektina-nja desa noe me-mereu ngatoer kaperloe-an koe maneh. Koe sabab tetela eta teh pangaboga desa, djadi perloe „begrootingna“ eta loemboeng teh dihidjikeun djeung begrooting desa.

Staat pertelaan loemboeng-loemboeng desa di poelo Djawa. Noeroetkeun Verslag „VOLKSCREDIET WEZEN“ taoen 1925.

| Taoen | Reana loemboeng | Pare soma-han noe tatjan dipoel-langekeun | | Djoemblah berahina pare (Reboean pikoeel) | Rata rata dina saloem-boengna (Pikoeel) | Pangaboga berahin doeit djeung wawangunan (Reboean perak) | Rata-rata liidji loemboeng (Perak) | Noe diindjeumkeun (Reboean pikoeel) | Reana noe ngindjeun (Reboean) | Rata-rata noe diindjeum-keun. | | Ongkos-ongkos dina 1 pikoeel noe di-indjeunkeun | | |
|-------|-----------------|---|-----------------------|---|---|---|------------------------------------|-------------------------------------|-------------------------------|-------------------------------|-------------|---|-----------|------------|
| | | Pare (Reboean pikoeel) | Doeit (Reboean perak) | | | | | | | Koe 1 loemboeng | Ka 1 djalma | Toenggakan (Reboean pikoeel) | Kana kati | Kana perak |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 1917 | 10,858 | 58 | 307 | 2,644 | 243 | 5,088 | 469 | — | 1,359 | — | — | 278 | — | — |
| 1918 | 10,385 | 43 | 260 | 2,706 | 260 | 5,321 | 512 | — | 1,423 | — | — | 402 | — | — |
| 1919 | 9,974 | 41 | 230 | 2,660 | 266 | 6,046 | 606 | — | 1,561 | — | — | 396 | — | — |
| 1920 | 9,500 | 34 | 178 | 2,413 | 254 | 7,309 | 769 | — | 1,455 | — | — | 400 | — | — |
| 1921 | 9,033 | 45 | 120 | 2,242 | 248 | 8,527 | 944 | 1,658 | 1,344 | 193 | 1,23 | 895 | 12,47 | 0,37 |
| 1922 | 8,310 | 39 | 69 | 2,108 | 254 | 8,692 | 1,046 | 1,493 | 1,090 | 193 | 1,37 | 137 | 13,29 | 0,44 |
| 1923 | 7,403 | 33 | 54 | 1,958 | 264 | 8,150 | 1,101 | 1,587 | 1,089 | 222 | 1,46 | 87 | 12,3 | 0,63 |
| 1924 | 6,864 | 26 | 43 | 2,040 | 297 | 8,409 | 1,225 | 1,671 | 1,200 | 250 | 1,39 | 77 | 11,4 | 0,47 |
| 1925 | 6,453 | 22 | 27 | 2,009 | 308 | 8,756 | 1,357 | 1,614 | 1,138 | 254 | 1,42 | 66 | 11,6 | 0,40 |

EMBARAN

Di Secretarie Regentschaps Raad Tjiamis djeung di kantor-kantor district disajagikeun pikeun soegri noe hojong terang rarantjang-rarantjang verordening noe kasebat dibandap ieu:

1. Rarantjang verordening hal angkatan, lepasan djeung ka-ontoeutan Pamarentah desas di Kaboepaten Tjiamis.
2. Rarantjang verordening hal make tanah-tanah Kaboepaten djeung tanah Gouvernment anoe diparahkeun, ka Kaboepaten.
3. Rarantjang verordening hal njeun djeung ngadjoel roti di Kaboepaten Tjiamis.
4. Rarantjang verordening hal padjeg pepetasan.
5. Rarantjang verordening hal katetapan permilir panagihan padjeg minoeman.
6. Rarantjang verordening hal pasar partikoeelir.
7. Rarantjang verordening hal auto sewa.
8. Robahan rarantjang verordening hal masrahkeun kakawasaan ka Colle Gecommitteerden, noe dimaksoed koe Staatsblad 1925 No. 259.
9. Rarantjang verordening hal losmen djeung roemah makan di djero Kaboepaten Tjiamis.

Tiasa ngagaleuh ti Secretarie.

Tjiamis, 15 Maart 1927.

BOEPATI TJIAMIS,
Sastrawinata.

BEKENDMAKING.

Ter Secretarie van den Regentschaps Raad van Tjiamis en ten kantore van de districtshoofden in het Regentschap Tjiamis liggen voor een ieder ter inzage:

1. Ontwerp-verordening van de vertiezing, het ontlang en de inkomsten van het regentschap Tjiamis.
2. Ontwerp-verordening ter regeling van het gebruik van grond toebehoorende aan het Regentschap en van vrij staatsdomein aan het regentschap in beheer gegeven, benevens de betaling daarvoor.
3. Ontwerp-verordening op het bakken en verkoopen van brood in het regentschap Tjiamis.
4. Ontwerp-verordening tot heffing en invordering eener belasting op den verkoop van vuurwerk in het regentschap Tjiamis.
5. Ontwerp-verordening tot vaststelling van het formulier tot invordering der belasting onder den naam van „het vergunnings recht“.
6. Ontwerp-verordening omtrent markten, door bijzondere personen, instellingen of Inlandsche Gemeenten in het regentschap Tjiamis.
7. Ontwerp-verordening regende het toezicht op voor verhuur bestemde automobielen in het regentschap Tjiamis.
8. Wijziging van ontwerp-verordening tot overdracht van bevoegdheden door den Regentschaps Raad aan het College van Gecommitteerden bedoeld bij Staatsblad 1925 No. 259.
9. Ontwerp-verordening op hotels, logementen en andere dergelijke openbare inrichtingen.

Ter Secretarie zijn losse exemplaren tegen betaling verkrijgbaar.

DE REGENT VAN TJIAMIS,
Sastrawinata

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No 76.

Selamantja sediaan roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minnoeman, Serostoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan bekakas potret.

ADRES noe parantos KASOROH DAHAN

Toekang Mas Roemah 18 TASIKMALAJA.

Ngitallkeun roep-roep-pechasaan tina mas sareng perak, damelan pribad, sareng nampi padamelan sapertos Ngadamel pendng (band) piagel peniti, soember, lilpen, padamelan ditanggul sae sareng saggal.

Djaba ti eta ngitall roep-roep-lerodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan djoeragan saggal saroeumping sae-pados kaseanaga.

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

EEREDIPLOMA MEDALI MAS.

Toko ROEKANTA Lengkong TASIKMALAJA

Kaos lampoe kompa moerah, koekat 1. f 0,15.
Ketjap Banjoemas raos 1 botol f 0,60
Sareng roep-roep kaperloe-an sadidinten. Mangga bae tingalian.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).

Sajagi kareta Mesin Merk **SIMPLEX** sareng Merk **Europa (England)**.

Sajagi Auto Banden **Michelin, Goodyear, Dunlop**, harga mirah, sareng prabot **AUTO** roepi-roepi mirah.

Inditna **AUTOBUS** ka Garoet djam 7 endjing ka Koenangan djam 7 endjing ka Karangnunggal djam 7 endjing ka Bandung djam 7 endjing sareng jam 12 endjing.

Inditna ti Toko Beng. Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti benreum ngora, hedjo ngora, boeloa ngora, koneng ngora rowa keneh roepa roepana kleur, sareng kembang bodas ngango strip Mas.

Stopflesch noe ngango djing-djangan Winkelflesch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter antengah.

Roa keneh barang noe marodel sadjaba ti eta. Sajagi roepi-roepi lampoe batre, noe prantos mashoer kaseanana, sareng kakiatanana, merk **Winstester**, sajagi batrena, boglomna roepi-roepi oekoeran.

Sareng prantos sajagi, **Windbuka** (bedil angin) Merk **B.S.A.**, Caliber 4 1/2 m M sareng 5 1/2 m M. sajagi sareng kogelna.

Sadjab ti eta, rowa roepi-roepi barang anoe marodel, **Erlodjie Sina** anoe ngango tjap karata api, noe bisa sok diranggo koe **Personelina S.** njalanna akoe pisan.

Sareng roepi-roepi eetservies noe sae, sareng noe mirah, noe pikeun 12 djalmi, sareng noe pikeun 6 djalmi.

Glas (loemoer) anoe ngango kembang, sareng kleur roepi-roepi, rose, hedjo, koneng kolot stapflesch roepi-roepi anoe ngango djingdjangan pikeun tempat koeweh (biscuit).

KLOEAR BAROE SOESOE (MELK) TJAP

DJIN DJAGA

Soesoe manis kwaliteit baik. reana sama'dengen merk jang terobor: barga, lebih moerah.

100% (Saratoes percent kwaliteit).

TARIEF HARGA

1 Peti t/m 10 peti a t 19,50 per peti

25 " 50 " 19 " per peti

1 blik " 12 blik " 0,45 per blik

Agent deest Tasikmalaja.

H. ABDUL MOEGNE

Telefoon 21

Stationweg 20

TASIKMALAJA.

Tipoeng Hoenkwe tjap Boengah damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan Tjitjoeroek. PIKEUN SASIH SIJAM

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangraos-raosna kadjab ti koeweh-koeweh anoe didamel tina **TIPOENG HOENKWE** tjap **BOENGAAH**. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan raos, seungit, adem sareng ni'mat ditoeang, sinareng tiasa masihan nafsoe kana dahar, pikeun **BOBORAN SIAM**.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkoeng sae sajagi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopi atanapi thee, ieu koeweh kenging disebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njobi kana sapotong **AGER HOENKWE** atanapi **PUDDING** tinangtos djadi kalintang nafsoena. Seuseueurna dina **BOBORAN SIJAM** sok raos ngaleueut anoe tist-tist, nja eta saroeipi ijs sareng sirop, koma bae oepami ngango **TJENDOL** noe didamelna tina **TIPOENG HOENKWE** tjap **BOENGAAH**, tangtos djadi kalintang raosna.

Pangaoes f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikintoeu rembours.

Atoeran nganggona Gratis!

LOTERIJ WANG BESAR

gema protestantsche Weeshuis Semarang di main paling laet 1 Juni 1927

1ste prijs f 150.000
2de 100.000
dap lain-lainnja prijs sampe 400.000
Harga per lot f 11.— Ports f 0,35. Rombours f 0,75.
Pesen 3 lot ongkos vrij. Trekkinglijst dikirim gratis.

Njonja TJOA TJOEN GOAN

Halte Tjitjoeroek (Preanger)

Toko Universeel Agentschap NIC MULLER TASIKMALAJA.

Goeoengladoe 15 Telepon No. 26

Sagala roepi obat-obat patent sareng seueur-seueur deui.

Kenging moendoet preskeran teu kedah ugagaleuh.

Kenging soemping ka toko anggoeun uugaliaa barang-barang sareng pangaoesna.

Kenging pesen sagala roepi barang dikintoeu rembours.

Oepami bade ngango balaran nfitih oge kenging asal tjekap njandakna.

Sagala roepi kenging, asal ngango oeroesan

Ngilari djelema anggoeun dagang ngeriling dina gorobag noe toko.

Kaentoengan tjekap, ngan noe dagang kedah masihan boreh sawab atanapi naon bae.

Hoermatna

NIC MULLER.

YO TEK SENG

(Toko PIRING)

TASIKMALAJA.

Telef. 70.

Per S. S. „**UARDA**“ dari Hamburg (Duitschland), kita baroe trima roepa-roepa Stoples dan Winkelfles (keler tempat koewe-koewe). Sebab kita sengadja pesen Winkelfles dengan me-noeroet kita poenja model, maka pembeli kapan ada jang toetoe-pnja petja, soesa dapat gantiuja, sekarang kita sengadja pesen toetoe-pnja, soepaja pembeli tida menjesel barang mahal tida ada toetoe-pnja.

Pada toean-toean jang soeda beli Winkelfles dari kita, kapan toetoe-pnja petja, bisa dapat beli dari kita dengan harga f 0,75, satoe bidji.

Kita poenja Stoples dan Winkelfles, kita langgoeng kaloearan Fabrik di Hamburg (Duitschland).

